



SITWAYENTE SAN FONTYE

Gid dokiman epi dwa pou imigran
epi refijye nan Parana.



“

**Refijye se yon moun
ki siviv epi ki ka
planifye fiti li.”**

Amela Koluder,

*Otè Nòvejyen-
Bosnyen ak
refijye lagè.*



■ PREZANTASYON

DWA AK AKÈY SAN FWONTYÈ

Parana resevwa anpil imigran. Se moun ki bezwen refè lavi yo pafwa lwen fanmi yo epi lwen kilti yo, pou tèt sa yo merite anpil respè epi akèyman.

Leta Brezilyen garanti anpil dwa ak sitwayen yo, natif tankou imigran. Men, pou ou

gen aksè ak yo, fòk ou toujou gen dokimen yo egzijè yo – yon pwosesis pafwa ki lan, biwokratik epi entimidant, tankou pwoblèm lang.

Piblikasyon sa gen pou objektif enfòmè w tout ti detay pou ou ka genyen dokiman sa yo epi asire benefis esansyèl ou yo tankou sante, edikasyon, travay epi sekirite.

Manda pa mwen an se pou mwen travay, ranfòse epi anpliyè politik piblik pou moun sa yo nan tout Parana. Kòt ak kòt, ak antite ki reprezante divès kominote imigran nan leta Parana.

“Tout moun gen dwa ak lavi, ak libète, ak sekirite endividyèl”, Atik 3° nan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun. Men, se devwa nou, pou nou pwoteje epi entegre tout moun ki kite peyi orijin yo epi, kounye a, k ap chèche konstrui yon lòt lavi ak anpil diyite nan Parana.

**GOURA
NATARAJ**

Depite Leta
Parana



**LAURETTE
BERNADIN LOUIS**

Konseye palmantè
ak prezidan ASHBRA
(Asosyasyon pou Solidarite
Ayisyen nan Brezil)



■ PREZANTASYON

Yon inivèsite ki atantif a popilasyon migran an

Plis pase yon deseni Inivèsite Federal Parana (UFPR) devlope, dyalòg ak Wo Komisyonè Nasyonzi pou Refijye yo (UNHCR), politik enstitisyonèl ki asire rantrè, rete epi valorize trajè akademik imigran yo, refijye yo epi moun ki gen viza akèyman imanité.

Jodia, nou se referans nasyonal epi entènasyonal nan atikile aksyon ansèyman, rechèch epi ekstansyon pou moun ki nan sitiyo imigrasyon fòse. Tankou, inivèsite piblik epi santènè, nou gen misyon epi konpwomi pou nou pwodui konsepsyon epi pou nou sèvi sosyete a nan divèsite, pou tèt sa nou patisipe nan plis inisiatif ki fè nou fyè: nan pwodiksyon gid sa ansanm, ak mandatè Goura.

Anplis pwopozè enfòmasyon fondamantal, UFPR responsab pou tradui gid sa nan lang anglè, franse, espanyòl, arab epi nan lang kreyòl ayisyen, gid sa yo reyalize nan Sant Lang epi Intèkiltirèl nou (Celin).

Pa mwayen Catedra Sérgio Vieira de Mello UFPR (CSVM), inivèsite a ogman-te nouvo pratik pou refijye yo, tankou kreye plis espas nan kou gradyasyon yo, revalidasyon diplòm pa mwayen pwosesis espesifik, espas ("cotas") pou plis patisipan nan pòs-gradyasyon yo, reyentegrasyon etidyan ki te kanpe fòmasyon yo pou rezon migratwa, Programa de Formação Suplementar (Program Fòmasyon Sipleman; Ciclo de Acolhimento Acadêmico - Sik Akèyman Akademik), Projeto Português Brasileiro para Migração Humanitária (PBMIH - Pwojè Pòtigè Brezilyen pou Migrasyon

Imanité) - o ki ofri kou pòtigè ak anpil moun chak ane, depi 2013 - epi sal 28 la, se espas akèyman, oryantasyon sou aksè ak inivèsite a (UFPR) epi validasyon dokiman, ki nan Prédio Histórico (Edifis Istòrik) la.

Nou konnen lè yon moun kite lakay li, fòse oubyen volontè, sa fè pati istwa imanite tankou nan peyi nou tou. Nou rekonèt moun ki imigran, lè yo rive nan yon lòt tèritwa, fè fas ak defi ki gen relasyon ak lang, ak travay, ak edikasyon epi ak aksè ak dwa. Nan sans sa, materyèl sa reyafime responsabilite Inivèsite a (UFPR) tankou yon enstitisyon ouvè, ki akeyi epi ki aplike nesosite ki konstrui ak nou prezan, fite inivèsite a epi sosyete brezilyen an.

Nou kwè ke chak moun ki rive anpliye nan richès kiltirèl pèp nou an epi ki ranfòse rasin apatnans imanite se sa ki ini nou. Nou swete ke gid sa se yon zouti enfòmasyon epi entegrasyon itil, epi chak moun ki imigran, ki apwopye ak li, santi li akeyi epi li rekonèt li se yon moun ki gen dwa.



Prof. Dr. Marcos Sunye, Rektè
e Prof. Dr. Camila Fachin, Vis-Rektè

INIVÈSITE FEDERAL PARANA

DWA KI GARANTI

Tout moun, brezilyen tankou imigran, genyen dwa ak divès sèvis piblik gratis ki ofri pa leta brezilyen. Pou tèt sa li enpòtan pou nou regularize dokiman yo pou nou genyen aksè ak sèvis sa yo.



Sante

- Sistema Único de Saúde (SUS - Sistèm Inik Sante).
- Vaksen, ijans, konsiltasyon



Edikasyon

- Li posib pou ou enskri dirèkteman nan lekòl ki pi prè lakay ou a oubyen nan Secretaria Municipal/ Estadual de Educação (Sekretarya Minisipal oubyen Sekretarya Edikasyon Leta kote wap viv la).
- Genyen pwogram piblik ki ofri kou kalifikasyon, lang epi anpil lòt ankò ki k ap grandi epi ogmante opòtinite aprantisaj imigran yo.



Dwa Travay epi Pwofesyonèl

- Enskripsyon nan Sistema Nacional de Emprego (Sine - Sistèm Nasyonal Travay)
- Aplike non Portal Emprega Brasil (Sit Travay Brezil)
- Kou Pwofesyonèl (SENAC, SENAI, ONGs)



Enklizyon nan Pwogram Sosyal

- Aksè ak Bolsa Família epi ak Benefício de Prestação Continuada (BPC - Benefis Prestasyon Kontinye)
- Pou plis enfòmasyon rantrè nan sit web www.gov.br



Pwoteksyon kont diskriminasyon

- Konstitisyon Federal la epi lejislasyon brezilyen an asire tout dwa legalite epi diyite. Pyès moun pa dwa diskrimine pou orijin, koulè, etni, nasyonalite, relijyon oubyen kilti li.
- Rasis, vyolans kont fanm, LGBTfobi, ksenofobi (vyolans kont etranje) se aksyon kriminel nan Brezil epi lalwa pini moun ki fè aksyon sa yo.

VOKABILÉ

Imigran

Moun ki kite peyi yo pou yo ale nan yon lòt peyi, pou yon ti bout tan oubyen pou toutan, pou motif travay, etid, reyinyon familyal oubyen pou chèche amelyore lavi yo. Mo imigran pa enplike, nesesèman, yon sityasyon pèsekisyon oubyen lavi riske.

Refijye

Moun ki fòse kite peyi orijin yo paske yo pesekite pou rezon koulè po, relijyon, nasyonalite, group sosyal oubyen opinyon politik, oubyen pou vyolasyon dwa moun ki grav epi generalize. Nan Brezil, se CONARE ki analize kondisyon refijye yo.

Refij

Se yon proteksyon legal ki ofri pa Brezil ak moun ki sòti nan peyi yo pou menas oubyen vyolans grav, tankou gè, pèsekisyon relijye, politik, etni, seks oubyen paske li fè pati yon group sosyal espesifik.

Apatrid

Moun ki pa gen sitwayènte nan peyi kote li fèt la, selon lejislasyon peyi a - sa vle di li pa gen nasyonalite fòmèl. Kondisyon apatrid la ka fèt paske gen lakin lejislatif, diskriminasyon oubyen chanjman nan teritwa oubyen pou rezon souvèrènte nan peyi yo.

Naturalizasyon

Pwosesis legal yon imigran fè pou li ka genyen nasyonalite nan yon peyi l ap viv. Nan brezil, li ka fèt nan plizyè fason, selon tan li fè l ap viv nan peyi a, epi lòt kondisyon ki etabli nan lejislasyon nasyonal la.

RNM

Rejis Nasyonal Migratwa

Dokiman idantifikasyon Polícia Federal (Polis Federal) bay yon moun ki fè demann lan. Li fonksyone tankou "RG" tou.

DPRNM

Dokiman Pwovizwa Rejis Nasyonal Migratwa

Dokiman idantifikasyon Polis Federal bay moun ki fè demann refijye. Tankou RNM, li fonksyone tankou "RG" tou.

CONARE

Komite Nasyonal pou Refijye

Ògàn ki asosye ak Ministério da Justiça e Segurança Pública (Ministè Lajistis epi Sekirite Piblik) responsab pou analize demann refijye yo nan Brezil epi kowòdone politik nasyonal pwoteksyon refijye yo.

SISCONARE

Sistèm Demann Kondisyon Refijye yo

Platfòm dijital itilize pou rejistre, akonpanye e kontwole demann refijye yo nan Brezil. Li pèmèt moun ki fè demann yo epi enstitisyon yo gen aksè ak enfòmasyon ak aktyalizasyon yo sou pwosesis yo ansanm ak CONARE.



REJIS NASYONAL MIGRATWA (RNM)

Li obligatwa pou tout moun ki gen **entansyon rezide nan Brezil pou yon tan ki siperyè ak 90 jou**, san distenksyon kategori migratwa. Moun ki nan Brezil tankou touris (Viza pou yon ti tan) pa bezwen RNM, selman si li fè demann lan pou estati migratwa rezidans.

Men ki sa yo ekzije:

- ➔ Imigran ak otorizasyon rezidans (tanporè oubyen pèmanan);
- ➔ Refijye epi moun ki fè demann refijye (aprè pwotokòl epi apwouve pa Polícia Federal – Polis Federal);
- ➔ Apatrid ki rekonèt pa leta Brezilyen;
- ➔ Imigran ak viza oubyen ak pèmi rezidans pou rezon imanité, travay, fanmi, akademik oubyen lòt rezon ki gen nan Lei de Migração (Lwa Migratwa, Lei n° 13.445/2017).

Koman ou ka genyen li:

RNM a dwe fèt ansanm ak **Polis Federal, pa mwayen randevou epi prezantasyon dokiman**, yo ekzije yo pou chak sitiasyon migratwa.



VALIDASYON EPI RENOUVÈLMAN

Dat validasyon RNM nan dire nan Brezil varye selon tip rezidans ou genyen. Yo rekomande ou fè demann pou renouvle li **avan 90 jou dat ekspirasyon an**.

- > **Residans tanporè:**
Nòmalman pou 2 an, li ka varye selon kategori migratwa.
- > **Rezidans pou rezon imanité:**
Generalman pou 2 an, li ka renouvle.
- > **Rezidans pèmanan oubyen refijye rekonèt:**
Jiska 9 an, ak posiblite renouvèlman selon aktyalizasyon done yo.
- > **Apatrid:**
Aprè rekonesans kondisyon an, RNM nan ka gen long validasyon, men li ekzije renouvèlman peryodik.

DOKIMAN PWOVIZWA REJIS NASYONAL MIGRATWA – DPRNM – NAN PARANA

Yo ekzije:


- ➔ Moun fè demann refijye nan Brezil.

Koman ou ka fè sa:

Voye e-mail pou refugio.drex.srpr@pf.gov.br ki gen foto Pwotokòl Refij la epi tann repons anvan ou parèt nan inite Polícia Federal (Polis Federal) la pou ou retire dokiman.

Dokiman w ap bezwen:

- Pwotokòl demann refij la san li pa ekspire.
- Paspò oubyen lòt dokiman idantite san ekspirasyon oubyen lòt dokiman legal.
- Nan ka endisponibilite sistèm reyinifkasyon done biyometrik Polis Federal la, yo ka mande w yon bout foto 3x4 resan, koulè, fon bran, papye swa nan fas li.



Kenbe men ak moun ki lwen peyi yo, pèp yo, ak rasin yo

Atansyon:

Sistèm nan ap enfòme w ke “Seu documento foi confeccionado e está pronto para ser retirado” (Dokiman w nan konfeksyon epi li prè pou ou retire li), epi gen yon fòmèlè espesifik ki disponib pou remèt li nan DPRNM.

KOMAN OU KA FÈ YON LÒT DEMANN (2^a VIA) (CRNM — KAT REJIS NASYONAL MIGRATWA)

01

Ranpli fòmèlè nan Link tinyurl.com/SegundaViaCRNM epi leve papye a nan jou randevou a;

02

Prezante paspò orijinal la epi paj yo itilize yo;

03

Leve yon bout foto koulè 3x4, ak fon blan, san dat, ak visaj byen parèt (foto ki pa respèkte prensip yo pap aksepte);

04

Leve orijinal Boletim de Ocorrência da Polícia Civi (**BO, rapò Polis Sivil**);

05

Prezante prèv adrès kay ou (resi kouran, dlo, oubyen telefòn fiks epi yon deklarasyon kay notè (cartório) siyen prezansyèlman pa yon moun k ap viv menm kote epi ki rekonèt ou). Obs: mande pou “firma reconhecida por verdadeira/autenticidade”.

06

Peye taks GRU nan bank otorize.

07

GRU pou imigran: tinyurl.com/gruprf


- Inite: Superintendência Regional do Estado do Paraná
- Kòd: 140120 (Carteira de migrante – Kanè Imigran – 1^a Via)

Atansyon:

Si moun nan te gentan gen yon rejis, li pa nesesè prezante yon lòt dokiman pou li pwouve (non li, non manman ak non papa, dat li fèt, dat rantre nan peyi).

ESTATI MIGRATWA	DESKRIPSYON	IDANTIFIKASYON	REGILASYON (LWA)
REZIDAN PÈMANAN	Moun ki otorize rezide pèmanan nan Brezil	Viza rezidans pèmanan se Polícia Federal (Polis Federal) ki bay li epi aprè sa Polis Federal bay CRNM	<i>Lei n° 13.445/2017 (Lei de Migração - Lwa Migratwa), Decreto n° 9.199/2017</i>
REZIDAN PA REYINYON FAMILYAL	Moun ki gen otorizasyon pou viv ak madanm, mari, moun k ap viv nan inyon estab, pitit, papa, oubyen lòt fanmi ki se brezilyen oubyen imigran ki gen otorizasyon rezidans nan peyi a	Benefisyè a ap tou genyen RNM ak rezidans nan tan endetèmène.	<i>Lei n° 13.445/2017 - Art. 30, inciso I, alínea I, epi Art. 37. Decreto n° 9.199/2017 - Art. 142, inciso I, alínea K.</i>
REZIDAN TANPORÈ	Moun ki otorize pou rezide nan Brezil nan yon ti bout tan	Se Polícia Federal (Polis Federal) ki bay viza tanporè Pou rezon rezidans (travay, etid eksetera)	<i>Lei n° 13.445/2017 (Lei de Migração - Lwa Migratwa), Portaria Interministerial n° 19/202</i>
EKZILE	Moun ki jwenn ekzil nan Brezil pou rezon pèsekisyon ou vyolasyon dwa moun nan peyi orijin li.	Kat Rejis Nasyonal Migratwa (CRNM) se Polícia Federal (Polis federal) ki bay li ak moun ki ekzile a.	<i>Lei n° 13.445/2017 (Lei de Migração - Lwa Migratwa), Decreto n° 9.199/2017</i>
REFIJE	Moun ki rekonèt tankou refijye nan Brezil selon konvansyon e pwotokòl 1967 ONI an	Kat Rejis Nasyonal Migratwa (CRNM) se Polícia Federal (Polis Federal) ki bay li ak moun ki refijye	<i>Lei n° 9.474/1997 (Estatuto dos Refugiados - Estati Refijye), Lei n° 13.445/2017 (Lei de Migração - Lwa Migratwa)</i>
VIZA IMANITÈ	Se moun ki pa nan yon sitiyaasyon refij men ki nan yon sitiyaasyon kalamite, konfli ame, dezast anbyantal, ak lòt emèjans ki riske lavi li oubyen entegrite li	Nòmalmman se nan konsila yo bay viza imanitè. Kòm prensip, li valab pou 180 jou. Aprè moun nan rive Brezil li dwe prezante li nan Polícia Federal (Polis Federal) pou li vin fè rejis demann rezidans imanitè a	<i>Lei n° 13.445/2017 (Lei de Migração - Lwa Migratwa), RN 17/2013 epi RN 126/2017 - CNI</i>
ETIDYAN	Moun ki gen otorizasyon pou viv nan peyi a pou rezon etid nan yon enstitisyon ansèyman ki rekonèt	Se Polícia Federal (Polis Federal) ki bay otorizasyon an aprè CRNM si sa nesesè.	<i>Lei n° 13.445/2017 (Lei de Migração - Lwa Migratwa), Portaria Interministerial n° 19/2021</i>
TRAVAYÈ TANPORÈ	Moun sa gen otorizasyon pou viv nan peyi a pou travay nan yon antrepriz oubyen nan yon pwojè espesifik	Se Polícia Federal (Polis federal) ki bay otorizasyon an aprè CRNM si sa nesesè	<i>Lei n° 13.445/2017 (Lei de Migração - Lwa Migratwa), Portaria Interministerial n° 19/2021</i>
SITWAYEN MERCOSUL	Sitwayen peyi manb MERCOSUL (Ajantin, Bolivi, Chili, Kolonbi, Ekwatè, Paragwe, Perou ak Irigwe) ki gen dwa rezidans nan Brezil	Se Polícia Federal (Polis Federal) ki bay CRNM nan	<i>Lei n° 13.445/2017 (Lei de Migração - Lwa Migratwa)</i>
APATRID	Moun ki pa gen peyi ki ba li nasyonalite epi ki bezwen pwoteksyon ak rezidans	CRNM pou apatrid	<i>Lei de Migração (Lei N° 13.445/2017 - Lwa Migratwa), Art. 26. Portaria Interministerial n° 19/2021, Art. 27-28</i>

Gade lis konplè dokiman yo ak enfòmasyon detaye yo nan paj 16 la.



APRANN PLIS SOU DWA W NAN PEYI BREZIL

FÈ DEMANN REFIJ

Se yon fòm **pwoteksyon ki garanti pa Brezil** pou moun ki pa ka retounen nan peyi orijin li ak sekirite.

Demann nan dwe fèt dirèteman ak **Polícia Federal** (Polis Federal), nan nenpòt inite sou teritwa nasyonal la. W ap resevwa yon **pwotokòl pwovizwa** ki garanti dwa **travay fòmèl, etid, itilize sèvis sante piblik epi aksè ak sèvis epi politik sosyal yo.**

Se CONARE (Komite Nasyonal pou Refijye yo) ki pran desizyon sou demann, ògàn ki konekte ak **Ministério da Justiça e Segurança Pública** (Ministè Jistis epi Sekirite Piblik), ki evalye chak ka selon lalwa Brezilyen epi tretman entènasyonal yo.

DEMANN NATURALIZASYON

Se yon rekonesans ofisyèl ke yon imigran vini genyen **menm dwa epi menm devwa ak yon brezilyen** ak kèk eksepsyon ki genyen nan Konstitisyon an. Se pa enpòtan pou garanti **pi gwo sekirite jiridik, aksè ak dwa politik epi entegrasyon total** nan sosyete brezilyen an.

Nan Brezil gen **kat fason prensipal** ou ka natitalize: òdinè, ekstrawòdinè, espesyal epi pwovizwa.

Chak fason sa yo gen yo kritè diferan, men nan tout ka yo fòk ou prezante **dokiman pèsonèl, kazye jidisyè epi prèv adrès kay ou**, an plis peye taks administratif la (yo ka ekzante moun ki nan sityasyon vilnerabilite).

Aprann plis
nan paj 16.

REGULARIZASYON DOKIMAN ETAP PA ETAP

01. >>>

**Rejis nan Polícia Federal
(Polis Federal)**

Leve dokiman idantite yo.

San dokiman? Ale nan CEIM, Defensoria Pública da União (Biwo Defansè Piblik Iniyon an), oubyen yon òganizasyon sosyete sivil la k ap ede imigran yo, ki pi pre lakay ou. (Gade lis kontak itil nan paj final dokiman sa)

02. >>>

**Jwenn CPF
(Cadastro de Pessoas Físicas)**

Gratis nan nenpòt ajans Receita Federal (Resèt Federal)

04.

Revalidasyon Diplòm

Platfòm Carolina Bori:
plataformacarolinabori.mec.gov.br

Ale nan sekretarya relasyon entènasyonal inivèsite federal la ki pi prè ou a. (Nan UFPR: Sal 28 nan Campus Praça Santos Andrade, nan Curitiba).

03. >>>

**Carteira de Trabalho Digital
(Kanè Travay Dijital)**

Telechaje app la oubyen ale nan yon pòs o Ministério do Trabalho e Emprego (MTE - Ministè Travay ak Anplwa).

DOKIMAN EKZIJE POU ESTATI MIGRATWA

REZIDAN PÈMANAN OUBYEN POU YON TAN ENDETÈMINE

Kiyès ki ka fè demann sa:

Moun ki gen otorizasyon rezidans endetèmine nan Brezil, selon lwa Lei n° 13.445/2017, art. 30.

→ Imigran ki gen yon rezidans pou yon tan detèmine ki akonpli tout prensip pou rezidans la ka chanje endetèmine (tan minim rezidans la, absans dosye kriminel, prè ke ou genyen mwayen ekonomik).

→ Imigran ki gen rezidans famiyal ak yon brezilyen oubyen yon imigran ki gen rezidans endetèmine, toutotan lyen an dire.

→ Refijye, apatrid epi moun ki benefisye pwoteksyon konplemantè aprè moun nan fin akonpli ekzijans tanporè epi legal.

→ Moun ki gen nasyonalite peyi ki fè pati Mercosul epi peyi ki asosye, ki gen otorizasyon tanporè endetèmine epi ki enkòpore nan prensip akò entènasyonal yo.

Dokiman wap bezwen

1. Carteira de Registro Nacional Migratório a (RNM - Kat Rejis Nasyonal Migratwa).

2. Prè mwayen ekonomik ki pèmèt moun responsab la ak group fanmi an ka viv, selon paramèt art 6° nan Òdonans Entèministeryèl n° 03, dat 27/02/2018.

→ Ekzanp: (1) Kanè Travay (2) Kontra Sosyal antrepriz oubyen patant; (3) Kontra Chèk; (4) Fich pèman travay; (5) Ekstrè bankè 3 denye mwa yo.

→ Si moun ki responsab la pa gen mwayen pou li pwouve revni li selon atik (a) la, nou oryante li prezante lòt dokiman valab nan Brazil ki ka pwouve revni li.

→ Nan ka madanm ak mari oubyen konkubin (inyon estab) yo ka ranplase pansyon alimantè a pa sètifika maryaj oubyen deklarasyon inyon estab.

3. Sètifika dosye kriminel nan Brezil (dokiman sa valab sèlman pou 90 jou).

→ Justiça Federal (Jistis Federal, Rua Anita Garibaldi, 888, Ahú, Curitiba/PR).

→ Justiça Estadual – 1º Ofício (Jistis Leta – 1e Biwo, Av. Cândido de Abreu, 535, 1º Andar, Centro Cívico, Curitiba/PR).

→ Justiça Estadual – 2º Ofício (Jistis Leta – 2e Biwo, Av. Cândido de Abreu, 535, 1º Andar, Centro Cívico, Curitiba/PR).

4. Prè adrès kay (resi kouran oubyen dlo ki resan nan non moun ki responsab la). Si yo nan non yon lòt moun, wap fè yon deklarasyon ki siyen epi ki rekonèt ki vrè (“por verdadeiro/autenticidade”) nan non lòt moun nan oubyen l ap prezante li nan jou randevou a.

5. Yon foto 3x4, koulè, fon blan, san dat, epi visaj ou dwe byen parèt; (foto ki pa respekte prensip yo p ap aksepte).

6. Orijinal taks GRU peye, kòd 140066 (R\$ 168,13) epi 140120 R\$ 204,77).

OBS.
01:
...

Tout dokiman ki sòti deyò Brezil dwe legalize (“Apostilamento”, Apostil pou peyi ki siyen Konvansyon La Haye oubyen validasyon dokiman nan konsila Brezil nan peyi etranje) epi tradiksyon eksepte dokiman libere pa Òdonans/Dekrè.

OBS.
02:
...

si moun ki responsab la gen yon rejis, li pa bezwen prezante lòt dokiman kòm prè (non li, non manman, non papa, dat li fèt, dat li rantre nan peyi a).

Randevou nan Polícia Federal (Polis Federal) → servicos.pf.gov.br/agenda-web/acessar
Peye taks GRU yo. → tinyurl.com/gruprf

Ki kote ou ka fè pwotokòl la

Ranpli fòmilè, chwazi fòm kòrèk la epi parèt ak tout dokiman yo. Nan ka kontrè, demann ou an ka pa aprouve.

 tinyurl.com/formulariospf

Kisa k ap rive aprè demann lan

Aprè ou fini fè pwotokòl dokiman yo ansanm ak Polis Federal, moun ki responsab la ap jwenn yon resi ki otorize moun nan rete nan peyi a nan moman l ap tann yo apwouve analiz la epi ba li Kat Rejis Nasyonal Migratwa (RNM), pwosesis sa ka dire 90 jou.

REZIDANS REGROUPMAN FAMILYAL

Kiyès ki ka fè demann sa:

Imigran ki genyen madanm oubyen mari, konkibin (iniyon estab), pitit, manman, papa oubyen lòt fanmi ki ka brezilyen oubyen imigran ki genyen otorizasyon rezidans nan peyi a.

Dokiman w ap Bezwen:

1. Dokiman idantifikasyon

- Paspò valab, Laissez-Passer (Men Leve, dokiman òganizasyon entènasyonal), Cédula de Identidade Consular (Kat Idantite Konsilè - se konsila ki fè dokiman sa).

2. Resi ke ou rantre legal nan Brezil

- So nan paspò oubyen lòt dokiman ki montre ke ou rantre legal nan peyi.

3. Dokiman fanmi k ap viv nan peyi a

- RG, CPF, RNM, oubyen kanè rezidans fanmi k ap viv nan Brezil.

4. Prèw lyen familyal

- Akdenesans (papa/pitit), akmaryaj, oubyen yon ak konkibinaj rejistre kay notè (cartório) nan peyi Brezil.

5. Deklarasyon angajman antretyen

- Dokiman siyen pa yon fanmi nan Brezil ki konfime li ap ede ou finansyèman si sa nesesè.

6. Prèw adrès kay

- Resi kouran, dlo, telefòn ou kontra fèm kay nan non w, oubyen yon deklarasyon kay siyen pa yon moun ki gen non li nan dokiman ak siyati rekonèt kay notè (cartório) pa vrè/otantik ("por verdadeiro/autenticidade").

7. Kazye jidisyè nan peyi orijin ou

- Dokiman jidisyè ofisyèl ke peyi orijin ou bay ki enfòm se ou pa gen rejis pwosesis jidisyè aktif, oubyen kondanasyon kriminèl nan non ou.

8. Sètifika antesedan kriminèl leta

- Sètifika Secretaria de Segurança Pública (Sekretarya Sekirite Piblik) epi/ oubyen Tribunal de Justiça (Tribinal Jistis) leta brezilyen bay kote w ap viv nan dènye 5 an yo.

9. Sètifika Antesedan Jistis Federal

- Sètifika sit Justiça Federal (Jistis Federal) bay nan leta kote w ap viv la.

10. Fòmilè Demann Otorizasyon Rezidans

- Fòmilè ranpli ak enfòmasyon pèsonèl, disponib nan sit Polícia Federal (Polis Federal) oubyen dirèkteman na yon inite Polis Federal.

11. Deklarasyon mwayen kontak

- Dokiman kote enfòmasyon telefòn, e-mail, adrès kay aktyèl ou ye.

12. Prèw Pèman Taks Administratif epi taks pou yo ba w kat RNM a

- Prèw pèman GRU (Guia de Recolhimento da União, Gid Koleksyon Inyon an) taks analiz demann rezidans la epi pou bay RNM. Ou ka peye li nan nenpòt bank, aprè vin desann gid la nan sit Polis Federal.

Ki kote ou ka fè pwotokòl la?

Nan Núcleo de Migração da Delegacia da Polícia Federal (Sant Migrasyon Komisarya Polis Federal).

Ki sa k ap pase aprè demann lan?

Aprè w fin fè pwotokòl la ak tout dokiman ansanm ak Polis Federal, moun ki responsab la ap resevwa yon prèw ki otorize pèmanans nan peyi a epi tann analiz, li aprouve epi tann bay Kat Rejis Nasyonal Migratwa (RNM). Pwosesis la ka dire 90 jou.

REZIDANS TANPORÈ

Kiyès ki ka fè demann lan?

Ou ka jwenn otorizasyon rezidans la nan ka sa yo: Reyinyon famiyal; Aktivite travay ak lyen fòmèl ou san lyen travay; Reyalizasyon etid, rechèch oubyen echanj; Tretman sante; Rezon imanitè; Aktivite relijye oubyen volontè; Envestisman, rechèch oubyen inovasyon; Selon respè akò entènasyonal Brezil siyen.

Dokiman w ap bezwen:

Dokiman yo ekzije pou demann rezidans tanporè nan Brezil varye selon finalite demann lan. Men, nan fòm general, selon lalwa Lei n° 13.445/2017, Decreto n° 9.199/2017 epi nòm konplèmantè (ekzanp: Portaria Interministerial, Òdonans Entèministryèl MJSP/MRE n° 40/2023), enkli:

1. Fòmèlè Demann Otorizasyon Rezidans

- Fòmèlè ranpli ak enfòmasyon pèsonel, disponib nan sit Polícia Federal (Polis Federal) dirèkteman nan yon inite Polis Federal.

2. Dokiman Vwayaj Valab (Paspò oubyen Dokiman Ekivalan)

- Paspò oubyen Laissez-Passer (Men Leve).

3. Akdenesans oubyen maryaj (selon objektif demann lan)

4. Prèv pèman taks pou bay Kat Rejis Nasyonal Migratwa (GRU)

- Prèv pèman GRU (Guia de Recolhimento da União, Gid Koleksyon Inyon an) taks analiz demann rezidans la epi pou bay RNM. Ou ka peye li nan nenpòt bank, aprè vin desann gid la nan sit Polis Federal.

5. De (2) bout foto 3x4 resan, fon blan

- De (2) bout foto, resan, foto pou w itilize nan dokiman w.

6. Sètifika antesedan kriminel nan peyi kote ou t ap viv nan 5 dènye ane yo.

- Dokiman ofisyèl otorite jidisyèl nan peyi orijin moun nan bay, ki gen enfòmasyon ki pa gen rejis pwosesis jidisyèl aktif, oubyen kondanasyon nan non moun nan.

7. Prèv adrès kay

- Resi kouran, dlo, telefòn ou kontra fèm kay nan non w, oubyen yon deklarasyon kay siyen pa yon moun ki gen non li nan dokiman ak siyati rekonèt kay notè (cartório) pa vrè/otantik ("por verdadeiro/autenticidade").

Dokiman espesifik selon objektif demann la, ekzanp:

-  **Pou reyinyon famiyal:** Prèv ke moun yo gen lyen fanmi (Sètifika maryaj, sètifika inyon estab oubyen sètifika konkubinaj, sètifika nesans - akdenesans)



-  **Pou travay:** kontra oubyen demann fòmèl travay.

-  **Pou etid:** lèt ki prouve yon enstitisyon aksepte w.

-  **Pou rezon imanitè:** prèv sityasyo an oubyen deklarasyon yon ògàn konpetan.

Ki kote ou ka fè Pwotokòl la?

Demann rezidans tanporè nan Brezil dwe gen yon pwotokòl:

- Si responsab la ap viv nan:** Li dwe ale fizikman nan yon inite Polis Federal (PF) ki gen konpetans nan aktivite imigrasyon atravè randevou nan sistèm elektwonik PF.

- Si responsab la nan yon peyi etranje:** Li dwe kontakte konsila oubyen anbasad Brezil nan peyi l ap viv la, epi prezante tout dokiman ekzije yo pou analiz epi pou yo bay viza tanporè ki koresponn ak demann lan.

Kisa k ap rive aprè demann lan?

Aprè pwotokòl dokiman yo ansanm ak Polis Federal oubyen konsila, responsab la ap resevwa yon resi ki otorize li rete nan peyi a pandan l ap tann analiz, apwobasyon an epi tann Kat Rejis Nasyonal Migratwa (RNM), pwosesis la ka dire 90 jou.

OTORIZASYON REZIDANS POU REZON ETID

Kiyès ki ka fè demann sa:

Imigran ki vle gen rezidans yo nan Brezil pou etid.

Dokiman w ap bezwen:

→ **Dokiman obligatwa (pou tout demann yo):**

1. Fòmilè demann otorizasyon rezidans ranpli;
2. Dokiman vwayaj valab (paspò oubyen ekivalan);
3. De (2) foto idantite resa, 3x4, fon blan;
4. Resi pèman taks (GRU) pou yo bay Kat Rejis Nasyonal Migratwa (RNM);
5. Sètifika kazye jidizyè nan peyi kote ou t ap viv la nan dènye 5 ane yo (ak tradiksyon sèman, si se etranje);
6. Prèv adrès kay kote w ap viv nan Brezil.

→ **Dokiman espesifik pou objektif etid:**

7. Lèt akseptasyon, enskripsyon oubyen envitasyon yon enstitisyon ansèyman brezilyen oubyen rechèch ki rekonèt bay;
8. Prèv kapasite finansyè pou peye etid la epi pou rete nan Brezil oubyen yon deklarasyon responsablite yon moun/yon enstitisyon nan peyi a;
9. Prèv asirans sante valab nan Brezil oubyen deklarasyon responsablite depans medikal yo;
10. Pou timoun ki gen mwens ke 18 an, otorizasyon ekri legalman pa paran yo ak siyati rekonèt pa leta, epi endikasyon responsab yo nan Brezil.

Ki kote ou ka fè pwotokòl sa?

- Si entèrese a ap viv nan Brezil: Li dwe ale fizikman nan yon inite Polícia Federal (PF, Polis Federal) ki gen konpetans aktivite migratwa atravè randevou nan sistèm elektwonik PF.
- Si entèrese a ap viv nan yon lòt peyi: ansan ak konsila oubyen anbasad Brezil nan peyi ou rete a, prezante dokiman ekzije pou analiz epi pou yo bay viza ki koresponn ak demann nan.

Kisa k ap pase aprè demann lan?

Aprè pwotokòl dokiman yo ansanm ak Polis Federal oubyen Konsila, responsab la ap resevwa yon resi ki otorize li rete nan peyi a pandan l ap tann analiz, apwobasyon epi tann Kat Rejis Nasyonal Migratwa (RNM). Pwosesis la ka dire 90 jou.

OTORIZASYON REZIDANS POU OBJEKTIF TRAVAY

Kiyès ki ka fè demann sa?

Moun ki gen lyen travay oubyen san lyen – travay otonòm oubyen travay kontra tanporè nan kategori sa yo:

 **Kategori avan (moun k ap nan peyi etranje):** imigran ki fè demann otorizasyon rezidans avan li rantre nan Brezil. Demann: sistèm MigranteWeb. Se Konsila Brezil ki bay viza tanporè;

 **Kategori rezidan (moun k ap viv nan peyi a):** imigran k ap viv nan teritwa nasyonal la, ak sitiyasyon legal (viza visit, moun ki te gen rezidans, refijye, etc.) demann lan dwe fèt direkteman nan Polícia Federal (Polis Federal), selon RN (Rezolisyon Nòmatif) ekivalan.

Dokiman w ap bezwen:

1. **Dokiman vwayaj oubyen Idantifikasyon Imigran**

→ Paspò valab (minimòm 6 mwa avan dat ekspirasyon an) ak fèy disponib. Nan kèk ka, se dokiman idantite etranje ki aksepte, oubyen orijinal epi kopi Idantite. Orijinal epi kopi kat imigrasyon ak so rantre nan peyi a.

2. **Fòmilè Aplikasyon Otorizasyon Rezidans**

→ Ranpli elektwonikman. Deklare enfòmasyon pèsonèl, pwofesyonèl, eskolè, adrès kay nan Brezil, ak kèk lòt enfòmasyon. Leve nan jou a kopi fòmilè a.

3. **Kontra Travay oubyen Rekòmandasyon Travay**

→ Dokiman esansyèl ki gen lyen ak yon antrepriz brezilyen. Dwe gen grad, salè, kantite lè, local, dat kontra ap fini (si se yon kontra tanporè). Siyen pa responsab yo.

4. **CNPJ epi Kontra Sosyal Antrepriz Brezilyen.**

→ Montre ekzistans epi legalite antrepriz k ap siyen kontra, kapasite antrepriz la pou li bay imigran travay.

5. **Prèv eskolarite oubyen eksperyans pwofesyonèl**

→ Diplòm, sètifika etid ou fè oubyen deklarasyon yon antreprenè, nan ka teknisyen, dwe gen prèv konpatib ak fonksyon li pral travay la.

6. **Kourikoulòm CV**

→ Li t ap pi bon demandan aktyalize ak tradiksyon epi ekri trajektwa akademik epi pwofesyonèl nan CV a.

7. **Deklasyon antrepriz k ap siyen kontra (Carta de Justificativa)**

→ Jistifikatif nesite antrepriz la pou bay imigran travay. Antrepriz la dwe mete si genyen oubyen pa genyen brezilyen kalifye pou fonksyon an epi eksplike motif antrepriz la chwazi kandida imigran.

8. Prèw pèman taks GRU (Guia de Recolhimento da União – Gid Koleksyon Inyon an)

→ Valè epi kòd varye selon tip demann lan (antesipe oubyen rezidan). San pèman, demann lan p ap ka analize.

9. Sètifika Kazye Jidizyè

→ Se otorite nan peyi orijin oubyen kote aplikan t ap viv nan 5 dènye ane yo ki bay li. Li ka ranplase pa yon declaração de idoneidade (deklarasyon kridibilite moral, ak siyati otorite leta epi konsila) kan sètifika pa posib pou li fèt.

10. Deklarasyon ke aplikan konnen lejislasyon brezilyen an (pou travayè otonòm san lyen travay)

→ Nan dokiman aplikan afime ke li konnen lwa brezilyen yo, li deklare ke li nan obligasyon pou li obeye epi obsève lwa brezilyen.

11. Tradiksyon Sèman (lè sa aplikab)

→ Se dokiman imigran yo dwe tradui pa tradiktè piblik epi jiridik nan Brezil, eksepte si li fèt nan lang pòtigè, espanyòl, fransè oubyen anglè nan fason otorite yo mande li.

Ki kote ou ka fè pwotokòl la?

Demann lan fèt pa Coordenação de Migração Laboral (Kowòdinasyon Migrasyon epi Travay) nan sistèm MigranteWeb (migrante.mj.gov.br/login)

Kisa k ap pase aprè demann lan?

- Demann lan ale nan analiz nan Coordenação de Migração Laboral nan Ministério da Justiça e Segurança Pública (Kowòdinasyon Migrasyon epi Travay nan Ministè Jistis epi Sekirite Piblik).
- Imigran k ap viv nan yon lòt peyi ka ale fè demann viza nan yon anbasad peyi Brezil aprè l ap apwouve epi l ap pibliye nan Diário Oficial da Justiça (Journal Ofisyèl Jistis la).
- Imigran k ap viv nan teritwa brezilyen an sèlman ka reyalize demann lan ansanm ak Polis Federal aprè l ap apwouve epi pibliye nan Diário Oficial da União (Journal Ofisyèl Inyon an).

OBS.: Moun ki fè demann lan p ap jwenn rezidans tanporè oubyen pwotokòl nan moman l ap tann rezilta analiz la.

Moun nan ka jwenn rezidans jiska 2 an, ak posibilite pou yon rezidans endetèmine nan lè fini, nan ka lyen travay la kontinye epi imigran toujou gen yon konpòtman sensè. Kontra ki gen yon dat fiks, rezidans la ap gen menm dat ak kontra.

Pwofesyon reglemante yo: ekzije ke ou dwe anrejistre avan nan yon konsèy pwofesyonèl brezilyen (CRM, CREA, OAB) oubyen prèw ke diplòm ou an rekonèt (revalidação pa MEC, Ministério da Educação – Ministè Edikasyon).

Otonòm epi antreprenè: dwe suiv nòm espesifik, dwe gen yon plan biznis, kapasite finansyèl epi konpatibilite aktivite a ak lejislasyon lokal.

OTORIZASYON REZIDANS SITWAYEN PEYI MERCOSUL YO.



Kiyès ki ka fè demann sa:

Sitwayen nan peyi sa: Ajantin, Paragwe, Irigwe, Bolivi, Chili, Kolonbi, Ekwatè epi Peyou.



Dokiman nesesè:

- Dokiman vwayaj valab** (Paspò ou Kat Idantite Nasyonal nan peyi orijin)
 - Dokiman ofisyèl peyi orijin ou ba ou, ki valab epi ki rekonèt entènasyonalman.
- Akdenesan obyen akmaryaj** (lè sa aplikab)
 - Rejis sivil ke defini eta sivil epi lyen famiyal responsab la.
- Prèw rantre legal nan peyi Brezil**
 - So rantre nan paspò a, kat migratwa, oubyen rejis rantre Polícia Federal (Polis Federal) bay.
- Kazyè jidizyè nan peyi orijin ou epi nan dènye peyi kote ou t ap viv**
 - Dokiman ofisyèl otorite konpetan yo bay, ki deklare ke responsab la pa gen kondanasyon kriminèl.
- Antesedan kriminèl nan peyi Brezil** (Polis Federal epi, nan kèk ka, nan Eta kote w ap viv la)
 - Dokiman Polis Federal bay epi nan kèk ògàn eta kote w ap viv la.
- Deklarasyon ke pa gen ka kriminèl ki ekziste nan non w**
 - Dokiman ki ekri pa responsab la, men ou ka sibi pinisyon lalwa, ki deklare ke pa gen kondanasyon kriminèl.
- Prèw adrès nan Brezil**
 - Resi kouran, dlo, telefòn oubyen kontra kay nan non w, oubyen yon deklarasyon residans siyen pa yon moun ke non ekri nan dokiman ak siyati rekonèt nan biwo rejis (cartório) epi pa vrè/otantisite ("por verdadeiro/autenticidade").
- De (2) foto resan, nan fòm 3x4**
 - Foto idantite oubyen foto pou dokiman ofisyèl.
- Prèw pèman taks pou delivre Kat Rejis Nasyonal Migratwa GRU**
 - GRU – Guia de Recolhimento da União (Gid Koleksyon Inyon) peye pa responsab la.

10. Fòmilè elektwonik demann lan (SISMIGRA)

→ Fòmilè ki ranpli online nan sistèm Polis Federal la.

11. Prèv pèman taks pou delivre Kat Rejis Nasyonal Migratwa (GRU)

→ Gid Koleksyon Iniyon an peye pa moun ki responsab la, li disponib nan: tinyurl.com/gruprf

Orijinal taks GRU peye, kòd 140066 (R\$ 168,13) epi 140120 (R\$204,77).

OBS.:

Tout dokiman ki fèt andeyò peyi Brezil dwe legalize ("Apostilamento", Apostil pou peyi ki siyen Konvansyon La Haye oubyen validasyon dokiman nan konsila Brezil nan peyi etranje) epi tradiksyon eksepte dokiman libere pa Òdonans/Dekrè.



Ki kote ou ka fè pwotokòl la:

Ranpli fòmilè rejis nan Link tinyurl.com/formularioSISMIGRA epi pote li tou enprime nan jou randevou a (randevou a dwe fèt nan site la);

Randevou Polis Federal:

tinyurl.com/PFagendamento



Ki sa ki ap rive aprè demann lan:

Aprè pwotokòl dokiman yo ansanm ak Polis Federal, responsab la ap resevwa yon prèv ki otorize pèmanans li nan peyi a, pandan l ap tann analiz apwobasyon epi pou yo ba li Kat Rejis Nasyonal Migratwa (RNM), pwosesis la ka dire 90 jou.

OTORIZASYON REZIDANS POU REZON IMANITÈ

1.

REFIJ



Kiyès ki ka fè demann la?

Moun ki fòse kite peyi yo epi lavi yo, libète yo, sekirite yo riske; moun ki pè retounen nan peyi yo nan akòz pèsekisyon oubyen konfli; moun ki soufri vyolasyon dwa moun ki grav.



Dokiman nesèsè:

1.

Dokiman Idantite

→ Paspò, Kat Idantite peyi moun nan, Laissez-Passer (Men Leve) oubyen lòt dokiman ak foto. Menm ke ou pa genyen dokiman ou ka toujou fè demann lan.

2.

Prèv rantre nan Brezil (si genyen)

→ So nan paspò oubyen pwotokòl Polícia Federal (Polis Federal) la.

3.

Formulário de Pedido de Refúgio (Fòmilè Demann Refij la)

→ Dokiman ak enfòmasyon pèsònèl epi motif ki fè ou fè demann Refij la. Ki kote ou ap jwenn li: nan site CONARE A



tinyurl.com/govrefugio

4.

Rapò motif demann lan

→ Yon eksplikasyon, ekri oubyen oral, pou ou di poukisa ou kite peyi ou. Si moun ki fè demann lan pa pale pòtigè, li ka fè li ak èd yon entèprèt.

5.

Deklarasyon mwayen kontak

→ Dokiman ki enfòme adrès kay ou, telefòn ou epi e-mail ou.

6.

Foto resan 3x4 (nan kèk inite PF)

→ Yon foto figi w ki resan, espesifikman foto idantite.



Ki kote ou ka fè pwotokòl la?

Ranpli fòmilè rejis la nan Link



tinyurl.com/registroSISMIGRA

Kisa k ap pase aprè demann lan?

Aprè pwotokòl demann lan nan SISCONARE, I ap bay yon nimewo lòd ki gen referans ak demann lan, ak nimewo sa, moun ki fè demann lan dwe pwograme randevou a ansanm ak Polis Federal, nan okazyon y ap bay yon pwotokòl k ap fonksyone tankou otorizasyon rezidans pwovizwa nan Brezil, k ap valab pou 1 an. Pwotokòl sa dwe renouvle chak ane pandan demann refij la ap analize nan CONARE – Comitê Nacional para os Refugiados (Komite Nasyonal pou Refijye).

Ki kote ou ka reyalize randevou a?

 tinyurl.com/PFagendamento

Ki sèvis ou ka gen aksè ak pwotokòl Polis Federal ba ou a?

Ak pwotokòl la moun ki fè demann lan ka genyen

- CPF;
- Ka fè demann Carteira de Trabalho (CTPS, Kat Travay);
- Travay sou fòm legal nan Brezil pandan I ap tann analiz demann refij la.

Ki demach pou fè pou fè demann lan nan CONARE? Men etap Pwosesis la:

- 1> Randevou interview konfidansyèl ak moun ki fè demann nan CONARE (Comitê Nacional para os Refugiados);
- 2> Analiz enfòmasyon kolekte nan interview a (ka gen plis ke yon interview);
- 3> Desizyon ka Apwobasyon oubyen Rejeksyon demann lan;
- 4> Desizyon an ap pibliye nan DOU (Diário Oficial da União; Jounal Ofisèl Inyon).

Ki sa k ap pase si demann lan Rejte ?

Nan ka rejeksyon demann refij la, moun ki fè demann lan ka depoze yon apèl administratif ak Minis Jistis epi Sekirite Piblik la, jiska 15 jou, nan lè yo enfòm li desizyon an. Nan ipotèz sa, pwosesis la ap reanalize pa enstans siperyè, moun ki fè demann lan ap rete nan sitiyasyon migratwa legal jiska desizyon final la.

Kisa ou dwe fè si demann lan Apwouve ?

Moun ki fè demann lan dwe parèt nan yon inite Polis federal, ekipe ak kopi piblikasyon favorab desizyon an nan Diário Oficial da União (DOU – Jounal Ofisèl Inyon) ak dokiman ki ekri nan sijè avan. Nan okazyon sa, w ap jwenn otorizasyon rezidans fòmèl pou tan endetèmine, ki baze sou rekonesans estati refijye.

2. AZIL POLITIK

Kiyès ki ka fè demann lan?

Moun ki viktim pèsekisyon politik endividyèl.

Kiyès ki pa ka fè demann azil ?

Lalwa Brezilyen mete veto sou demann refij pou moun ki gen men yo tranpe nan: 1. nan krim kont imanite (tankou touye moun, maltrete moun, esklavaj); 2. krim lagè oubyen krim kont lapè; 3. zak teyoris; 4. trafik dròg.

Dokiman ki nesesè:

1. Dokiman Idantifikasyon

- Paspò valab, Laissez-Passer (Men Leve, dokiman yon òganizasyon entènasyonal bay), Kat Idantite Konsilè (dokiman konsila peyi moun ki fè demann lan ba li).

2. Demann Azil

- Yon demann Azil ekri, moun ki responsab la fè oubyen avoka li.

3. Deklarasyon Pèsekisyon

- Yon rapò detaye sou sikonstans ak pèsekisyon ou soufri, li ka enkli dokiman ki prouve sa, jounal, rapò ONG, denons, plent oubyen manda lapolis oubyen tribinal, eksetera.

4. Prév lè ou rantre nan Brezil

- So nan paspò ou lòt dokiman ki montre ke ou rantre nan fason legal nan peyi a.

Ki kote ou ka fè pwotokòl la?

- Nan Ministério das Relações Exteriores (MRE – Ministè Relasyon Eksteryè), ki gen syèj li Brasília;
- Atravè reprezantasyon diplomatik brezilyen (si demann lan ap fèt nan yon peyi etranje);
- Eksepsyonèlman, ansanm Presidência da República (Prezidans Repiblik) la.

OBS.:
...

Demann azil politik pa fèt nan Polícia Federal (Polis Federal) ni nan SISCONARE, ki se kanal eksklisif pou fè demann refij, eksepte nan ka pwoteksyon pwovizwa pandan y ap trete aplikasyon an.

Kisa k ap pase aprè demann lan?

Diferan ak refij, moun ki fè demann azil la bezwen mande yon dokiman tanporè pou li ka rete nan Brezil pandan y ap anliz pwosesis la, anpil fwa atravè lajistis.

3. APATRID

Kiyès ki ka fè demann la:

Nenpòt moun okenn leta pa rekonèt, selon lalwa peyi a, li ka fè demann pou Brezil ka rekonèt li nan yon kondisyon apatrid.

Dokiman nesèsè:

1. Dokiman Idantifikasyon

Nenpòt dokiman valab ki pwouve idantite responsab la, tankou paspò (menm ke li ekspire), dokiman vwayaj, kat idantite etranje a oubyen lòt dokiman peyi li oubyen yon lòt peyi ba li.

2. Akdenesans (si li disponib)

→ Dokiman yo bay nan kote li fèt la.

3. Foto resan (3x4)

→ Foto koulè nan fòm ofisyèl oubyen foto idantite.

4. Deklarasyon Apatrid (otodeklarasyon)

→ Dokiman ekri epi siyen pa moun ki entèrese a. L ap enfòm ke li pa gen nasyonalite nan okenn peyi (leta), L ap eksplike trajektwa epi refi oubyen inekzistans lyen jiridik ak kèk peyi.

5. Prèv Apatrid (si genyen)

Dokiman ki montre absans nasyonalite, tankou:

- sètifica nasyonalite negatif, anbasad/konsila bay;
- deklarasyon refi nasyonalite;
- dokiman vwayaj pou apatrid lòt peyi oubyen òganizasyon entènasyonal bay (ekzanp: ACNUR).

6. Sètifika Dosye Kriminèl

→ Sètifika Polícia Federal nan Brezil (Polis Federal) bay epi, si li posib tou, pa otorite nan peyi responsab la t ap viv nan 5 dènye ane yo.

7. Prèv Adrès nan Brezil

→ Resi dlo, kouran, kontra kay oubyen yon deklarasyon ki siyen kay notè (cartório)

8. Fòmilè Aplikan

→ Fòmilè ofisyèl ranpli ansanm ak Polis Federal oubyen sistèm elektwonik disponib.

9. Pwotokòl Demann lan (aprè demann lan fèt)

→ Dokiman Polis Federal bay ki konfime pwosesis la anrejistre.

Ki kote ou ka fè pwotokòl la?

Li dwe fè ansanm ak Ministério da Justiça e Segurança Pública (MJSP – Ministè Jistis epi Sekirite Piblik) pa mwayen Departamento de Migrações (DEMIG – Depatman Migrasyon) oubyen Polis Federal resevwa demann lan epi li voye li nan nan MJSP.

Kisa k ap pase aprè demann lan?

Aprè enstriksyon pwosesis la, Ministè Jistis epi Sekirite Piblik rekonèt oubyen pa rekonèt kondisyon apatrid.

Rekonèt Kondisyon an, moun ki entèrese a ka fè demann otorizasyon rezidans nan Brezil, nan yon tan detèmine, ak posibilite transfòmasyon otorizasyon an nan yon tan endetèmine (Art. 161, § 1º – Decreto nº 9.199/2017).

Apatrid ki rezide gen aksè ak dokiman idantite, CPF, kanè travay, sante epi edikasyon, anplis gen posibilite, aprè tan legal, moun nan ka fè demann natiralizasyon.

4. REZIDANS POU REZON IMANITÈ (DEZAS, GÈ EPI KRIZ)

Kiyès ki ka fè demann lan?

Moun ki sòti nan rejyon oubyen peyi afekte pa:

- Grav enstabilite enstitisyonèl;
- Konfli ame nan peyi a oubyen entènasyonal;
- Kalamite ak gwo entansite (tranbleman, epidemi, dezast anbyental, eksetera);
- Vyolasyon masif sou dwa moun.

Brezil dwe rekonèt nasyonalite oubyen peyi orijin moun nan, nan yon sityasyon kriz imanitè, nòmalman nan yon aksyon nòmatif (Òdonans Entèministryèl, rezolisyon CNlg oubyen desizyon Ministè Jistis). Ekzanp kèk pratik ki rekonèt pa Brezil: 1. Ayisyen, aprè tranbleman tè 2010 (Rezolisyon Nòmatif CNlg nº 97/2012). 2. Siryen, pou rezon gè sivil (Rezolisyon Nòmatif CNlg nº 17/2013). 3. Afgan, pou rezon kriz politik epi imanitè (Òdonans Entèministryèl MJSP/MRE nº 24/2021) 4. Ikrenyen, pou rezon gè 2022 (Òdonans Entèministryèl MJSP/MRE nº 28/2022).

Dokiman nesèsè:

1. Dokiman idantifikasyon valab ak foto (paspò oubyen dokiman idantite nasyonal)

→ Se moun nan pa gen dokiman, li ka prezante deklarasyon konsila oubyen fòmilè pwòp ansanm ak Polícia Federal (Polis Federal)

2. Akdenesans oubyen akmaryaj (lè sa aplikab)

→ Dokiman ofisyèl peyi orijin li bay, men yo pa mande li na yon tan imedia, jisteman pou difikilte ki genyen pou w jwenn dokiman sa yo nan moman gen gè.

3. De (2) foto 3x4, resan ak fon blan

→ Foto idantite resan moun ki fè demann lan.

4. Prèv rantre nan Brezil

→ So paspò, kat rantre, oubyen deklarasyon Polis Federal ki pwouve rantre nan teritwa nasyonal la.

5. Sètifika dosye kriminel

→ Sètifika dosye kriminel nan peyi orijin (lè sa posib).

→ Sètifika dosye kriminel nan Brezil (Polis Federal epi Justiça Estadual/Federal, Jistis Leta/Federal).

Nan ka kriz ki grav (ekzanp: siryen epi afgan), anpil fwa MJSP retire ekzijans sa yo.

6. Deklarasyon ensifisans oubyen mwayen sibzistans (lè sa aplikab)

Deklarasyon senp ki afime pa gen revni oubyen lè gen prèv travay oubyen mwayen sibzistans.

7. Fòmilè demann lan ranpli ansanm ak Polis Federal (PF)

→ Fòmilè elektwonik disponib nan site web PF la.

8. Pwotokòl demann lan

→ Dokiman Polis Federal bay nan moman demann lan.

Ki kote ou ka fè pwotokòl la?

Non youn nan inite Polis Federal nan sektè imigrasyon, nan nenpòt leta nan peyi Brezil.

Kisa k ap pase aprè demann lan?

Aprè ou fin reyini tout dokiman epi ranpli fòmilè a nan SISMIGRA (SISMIGRA 1.83.1-31/07/2025 22:48), moun ki fè demann lan dwe pran randevou (Agenda Web) sèvis la nan Polis Federal.

Ale pèsoneyman nan youn nan inite Polis Federal nan jou randevou a, ak tout dokiman yo.

Nan randevou a y ap bay pwotokòl demann lan. Pwotokòl sa tou garanti dwa ak rezidans tanporè, travay epi aksè ak sèvis piblik pandan pwosesis la ap kontinye.

Aprè pwotokòl dokiman yo ansanm ak Polis Federal aplikan ap resevwa yon resi ki otorize li rete nan peyi a pandan l ap tann analiz pou li apwouve epi yo ba li Cateira de Registro Nacional Migratório (RNM - Rejis Nasyonal Migratwa), pwosesis la ka dire 90 jou.

NATURALIZASYON

Art. 64 nan Lwa Lei n° 13.445/2017

Ekziste diferan tip natiralizasyon

01 NATURALIZASYON ÒDINÈ BAZ LEGAL: ART. 65 NAN LWA LEI N° 13.445/2017

Kiyès ki gen dwa sa?

Imigran:

- ki rezide definitivman nan Brezil pandan 4 an konsekitif;
- ki gen kapasite sivil;
- ki pale pòtigè;
- ki pa gen kondanasyon penal oubyen ki nan reyabilitasyon.

Rediksyon tan pou 1 an si moun sa:

- fèt nan yon peyi ki gen lang pòtigè ofisyèl;
- marye ak yon brezilyen oubyen brezilyen;
- papa oubyen manman timoun ki se brezilyen;
- te fè oubyen ki ka fè yon sèvis enpòtan pou Brezil.

Dokiman nesèsè:

1. Dokiman idantite oubyen paspò valab - prèv idantite epi nasyonalite.
2. Akdenesans oubyen akmaryaj (etranje epi tradui) ki idantifye eta sivil epi lyen familyal;
3. RNM - dokiman idantite imigran nan Brezil;
4. CPF - Cadastro de Pessoas Físicas (Rejis Moun);
5. Sètifika dosye kriminel nan peyi orijin aplikan (Kazyè Jidisyèl);
6. Sètifika dosye kriminel nan Brezil (leta epi federal) - prèv konfyabilite epi absans kondanasyon;
7. Prèv ke ou genyen konesans nan lang pòtigè a (ekzanp: sètifika CELPE-Bras) - prèv entegrasyon lengistik;
8. Prèv tan rezidans lan, atravè resi adrès kay - resi pi piti tan yo ekzije a.

Nan ka moun ki gen nasyonalite peyi lang pòtigè ofisyèl, anplis ki nan lis la, ap bezwen twa (3) deklarasyon kredibilite moral ki fèt pa 3 brezilyen depi lè yo fèt.

02 NATURALIZASYON EKSTRAWÒDINÈ

BAZ LEGAL: ART. 67 (NAN LWA) DA LEI N°13.445/2017

Kiyès ki gen dwa sa?

Imigran:

- ➔ Ki gen plis pase 15 an rezide nan Brezil konsekutifman;
- ➔ San kondanasyon penal oubyen ki nan reyabilitasyon;
- ➔ Montre volonte ou vle rete viv nan teritwa.

Dokiman nesèsè:

1. Dokiman idantite oubyen paspò valab – prèv idantite epi nasyonalite;
2. Akdenesans oubyen akmaryaj (etranje epi tradui) – idantifye eta sivil epi lyen famiyal;
3. RNM – dokiman idantite imigran nan Brezil;
4. CPF – Cadastro de Pessoas Físicas (Rejis Moun);
5. Sètifika dosye kriminel nan peyi orijin moun nan;
6. Sètifika dosye kriminel nan Brezil (leta kote wap viv la e federal) – prèv kredibilite epi absans kondanasyon;
7. Resi kantite tan rezidans la – atravè prèv adrès kay – resi pi piti tan yo ekzije a.

Anplis dokiman ki nan lis la, aplikan natiralizasyon ekstrawòdinè la bezwen prezante yon deklarasyon pèsònèl pou li montre dezi li vle natiralize, pou montre volonte aplikan vle rete nan peyi a.

03 NATIRALIZASYON ESPESYAL

BAZ LEGAL: ART. 66 (NAN LWA) DA LEI N° 13.445/2017

Kiyès ki ka fè demann sa:

Imigran:

- ➔ Imigran tankou madanm, mari, moun ki nan yon inyon estab ak yon brezilyen ki nan yon aktivite nan yon lòt peyi;
- ➔ Imigran oubyen apatrid ki te fè yon sèvis enpòtan pou Brezil;
- ➔ Imigran ki nan misyon diplomatik oubyen konsilè; plis pase dis (10) ane nan Brezil, epi ak fanmi li.

Dokiman nesèsè:

1. Dokiman idantite oubyen paspò valab – prèv idantite epi nasyonalite;
2. Aakdenesans oubyen akmaryaj (etranje epi tradui) – idantifye eta sivil epi lyen famiyal;
3. RNM – dokiman idantite imigran nan Brezil;
4. CPF – cadastro de Pessoas Físicas (Rejis Moun);
5. Sètifika dosye kriminel nan peyi orijin aplikan;
6. Sètifika dosye kriminel nan Brezil (leta kote aplikan ap viv la epi federal) – prèv kredibilite epi absans kondanasyon;
7. Prèv konesans nan lang pòtigè (ekzanp: sètifika CELPE –Bras) – prèv entegrasyon lengistik.
8. Resi kantite tan rezidans la, atravè prèv adrès kay – resi pi piti tan yo ekzije a.

Anplis dokiman ki nan lis la, aplikan natiralizasyon espesyal la dwe prezante yon prèv ekzamen travay enpòtan nan Brezil.

04 NATIRALIZASYON PWOVIZWA

BAZ LEGAL: ART. 68 (NAN LWA) DA LEI N° 13.445/2017

Kiyès ki ka fè demann sa?

Imigran:

- ➔ Ki gen rezidans fiks nan Brezil anvan li te gen 10 an;
- ➔ Aplike natiralizasyon an jiska 2 an aprè laj majè.



Natiralizasyon pwovizwa ka vini definitiv aprè ekspresyon volonte, depi pa gen kondanasyon penal.



Dokiman nesesè:

1. Dokiman idantite oubyen paspò valab - prèv idantite epi nasyonalite;
2. Akdenesans oubyen akmaryaj (etranje epi tradui) - idantifye eta sivil epi lyen familyal;
3. RNM - dokiman idantite imigran nan Brezil;
4. CPF - Cadastro de pessoas Físicas (Rejis Moun);
5. Sètifika dosye kriminel nan peyi orijin aplikan;
6. Sètifika dosye kriminel nan Brezil (leta kote aplikan ap viv la epi federal) - prèv kredibilite epi absans kondanasyon;
7. Prèv konesans nan lang pòtigè (ekzanp, sètifika CELPE-Bras) - prèv entegrasyon lengistik;
8. Resi kantite tan rezidans la, atravè prèv adrès kay - resi pi piti tan yo ekzije a.

Natiralizasyon pwovizwa dwe fèt pa yon paran oubyen yon reprezantan legal ki gen otorizasyon apwopriye.



Ki kote ou ka fè pwotokòl la?

Tout demann natiralizasyon dwe enskri nan sistèm “Naturalizar-se”:



tinyurl.com/govnaturalizacao



Kisa k ap pase aprè demann lan?

Aprè demann lan, Pwosesis la rantr nan analiz preliminè pa Polícia Federal (Polis Federal), k ap verifye si dokiman prezante yo korèk, si yo jwenn yo korèk, y ap voye yo nan Ministério da Justiça e Segurança Pública (Ministè Jistis epi Sekirite Piblik), ki responsab desizyon final la, ki pral pibliye nan Diário Oficial da União (Jounal Ofisyèl Inyon an).

KONTAK KI ITIL

Agência da ONU para Refugiados
(Ajans ONI pou Refijye)
help.unhcr.org/brazil/documentos

Gov.br
www.gov.br

Superintendência Regional da Polícia Federal no Paraná (Administrasyon Rejyonal Polis Federal nan Parana)
R. Profa. Sandália Monzon, 210
Santa Cândida, Curitiba
tinyurl.com/srparana
+55 (41) 3251-7500
+55 (41) 3251-7501- Plantão (24h)

Cerma/PR - Conselho Estadual dos Direitos de Refugiados, Migrantes e Apátridas do Paraná (Konsêy Leta pou Dwa Refijye, Imigran epi Apatrid nan Parana)
cerma@seju.pr.gov.br
+55 (41) 98828-4404
+55 (41) 3210.2610
+55 (41) 3210-2597

CEIM – Centro Estadual de Informação para Migrantes, Refugiados e Apátridas (Sant Enfòmasyon Leta pou Imigran, Refijye epi Apatrid)
Av. Marechal Deodoro, 806
Centro, Curitiba
+55 (41) 3224-1979

SGGM – Superintendência-Geral de Governança Migratória vinculada à

Secretaria de Estado da Justiça e Cidadania – SEJU
www.sggm.pr.gov.br

Universidade Federal do Paraná (Inivêsite Federal Parana)
www.internacional.ufpr.br/portal/refugiados-e-migrantes/
Praça Santos Andrade, nº 50
Centro, Curitiba (UFPR - Sala 28)
Sêvis: Revalidasyon diplòm; kou pòtigè; èd sikolojik; ak lòt sêvis miltidisciplinè

CRAS – Centros de Referência de Assistência Social (Sant Referans Asistans Sosyal)
tinyurl.com/crascuritiba
socialbasica@seds.pr.gov.br
+55 (41) 3210-2904
Sêvis: Enskri pou benefis (Bolsa Família, cesta básica); akèy familyal; oryantasyon pou kou pwofesyonèl

Centro de Apoio Operacional do Ministério Público do Paraná aos Direitos Humanos do Refugiado, Migrante e Apátrida (CAOP-MPPR – Sant Êd Operasyonèl Ministè Piblik Parana pou Dwa Moun ki Refijye, Imigran epi Apatrid yo)
site.mppr.mp.br/direito
R. Marechal Hermes, 751, 4º Andar, Centro Cívico - Curitiba-PR
+55 (41) 3250-4897
caop.direitoshumanos@mppr.mp.br

Defensoria Pública da União (DPU – Biwo Defansè Piblik Inyon an)R.
Visconde do Rio Branco, 1811 Centro, Curitiba
+55 (41) 3234-9600
+55 (41) 99680-0145 (plantão)

Defensoria Pública do Estado do Paraná (Biwo Defansè Piblik Leta Parana)
Sêvis Santral:
Rua José Bonifácio, 66
Centro 80020-130 - Curitiba
www.defensoriapublica.pr.def.br
+55 (41) 3219-7300

Cáritas Brasileira Regional Paraná (Caritas Rejyonal Brezilyen nan Parana)
R. Paula Gomes 703
São Francisco, Curitiba
+55 (41) 3039-7869
Whatsapp: +55 (41) 9907-3761
pr.caritas.org.br/regionais

Centro de Apoio ao Migrante (CEAMIG – Sant Êd pou Imigran)
Av. Manoel Ribas 6252
Santa Felicidade, Curitiba
+55 (41) 3272.0466
WhatsApp: +55 (41) 3272-0466
Instagram: @ceamigscalabrinianos_ctba

Ação Social Irmandade sem Fronteira
R. Alberto Folloni, 178
Juvevê, Curitiba
+55 (41) 98813-0719
Instagram: @irmandadesemfronteiras

Instituto PluriBrasil (Enstiti PluriBrasil)
R. XV de Novembro, 964, 3º andar, Curitiba
+55 (41) 99153-3053
pluribrasil.org.br

Comunidade Internacional de Educação e Cultura (CIEC – Kominote Entènasyon Edikasyon epi Kilti)
R. Pedro Alcântara, 198
Piraquara - PR
+55 (41) 98441-3573 | facebook.com/ComunidadeEducando

Associação Embaixada Solidária (Asosyasyon Anbasadè Solidè)
R. São João, 7871
Jardim Gisela, Toledo - PR
WhatsApp: +55 (45) 99935-3486
embaixadasolidaria.ong.br/

Associação dos Haitianos de Palotina (ASHAP – Asosyasyon Ayisyen Palotina)
R. Adolfo João Konrad, 577
Palotina - PR
WhatsApp: +55 (44) 99709-9600
wensleydurame@gmail.com

Associação para a Solidariedade dos Haitianos no Brasil (ASHBRA – Asosyasyon Solidarite Ayisyen nan Brezil)
R. Riachuelo, 20 1º andar
Centro, Curitiba | +55 (41) 99831-8677
facebook.com/ashbra2012

Associação Feminny (Asosyasyon Feminny)
WhatsApp: +55 (41) 99184-0553
Instagram: @feminnysocial

União da Comunidade dos Estudantes e Profissionais Haitianos (UCEPH – Inyon Kominote Etidyan epi Pwofesyonèl Ayisyen)
+55 (41) 99585-4297 | facebook.com/UCEPHESTUDANTE

Organização Não Governamental José (Ôganizasyon non Gouvènmantal José)
+55 (41) 98779-8420
ongjose2023@gmail.com

Mulheres Emigrantes Unidas (MEU – Fanm Emigran Ini)
+55 (41) 99944-6870
Instagram: meu_ong

Ação Social Batista Paranaense (Aksyon Sosyal Batis nan Parana)
asbp@batistasparana.org.br
batistaspr.org.br/acao-social/

Associação dos Africanos em Curitiba (BOMOKO – Asosyasyon Afriken nan Curitiba)
+55 (41) 99162-6871
Instagram: @bomokocuritiba

Associação dos Migrantes, Indígenas e Refugiados de Foz do Iguaçu (AMIRF – Asosyasyon Imigran, Endijèn epi Refijye Foz do Iguaçu)
+55 (45) 99805-0929
Instagram: @amirfocial

Ijans:

190 - Polícia – em caso de perigo (Polis – lè gen danje)

180 - Violência contra mulher (Vyolans sou fanm)

100 - Direitos Humanos (Dwa Moun)

FICH TEKNIK

RECHÈCH/REDAKSYON

Daniel Felice
Francelino Sanhá
Gregório Rodríguez

REVIZYON

Aieda Muhieddine
Laurette Bernadin Louis
Marcel Jeronymo
Mariana Sanchez

GRAFIK DESIGN:

Thalita Oliveira

ILISTRASYON

Yaidiris Torres

MANDATÈ GOURA

DEPITE LETA PARANA

Goura Nataraj
(Jorge Brand)

CHÈF ESTAF

Ivo Reck

LEGAL

Carla Cavallotti
Gerson Lobo
Maria Luiza Giglio
Marcel Jeronymo
Mariana Auler

TRADIKSYON

Centro de Línguas
e Interculturalidade
(Celin/UFPR)
Diretor: Prof. Dr. Alison
Roberto Gonçalves
Vice-diretora: Profª Drª
Cláudia Helena Daher

Tradiktè

Yasmin Said Raee Rabee
(árabe)
Wilguens Sylvestre
(Crioulo)
Paloma dos Santos
Schlemper (Espanhol)
Gong Li Cheng (Francês)
Isabella Caroline do
Nascimento da Rosa
(Inglês)

TEKNIK - POLITIK

Adriano Coelho
Alexandre Lorenzetto
Camila Modena
David Couto
Eduardo Simões
Iracema Bernardes
Israel Montesuma
Jeane Vasilewski
Laurette Bernadin Louis
Leonardo Rocha
Mariana Melendes
Rodrigo Ponce

Sipèvizè yo

Prof. Dr. Ivan Eidt Colling
(Árabe e Crioulo)
Profª Drª Nylcéa Thereza de
Siqueira Pedra (Espanhol)
Profª Drª Cláudia Helena
Daher (Francês)
Profª Drª Janice Inês Nodari
(Inglês)

KOMINIKASYON

Carlos Kaspchak
Leonardo Andreiko
Leonardo Baggio
Marcia Raquel Oliveira
Mariana Sanchez
Rafael Bertelli
Thalita Oliveira

RELASYON PIBLIK

Isabela Delazari
Isabela Perotti
Lídia Graniska
Pedro de Moraes



VIZE KAMERA TELEFÒN OU POU
JWENN PLIS ENFÒMASYON.

Kontni ti liv sa a disponib nan
lang sa yo:

English
(Angle)




Español
(Panyòl)



Français
(franse)



عَرَبِي
(Arab)





Realizasyon:



Sipò:

